

Administrasyon Biden-Harris la ap mande moun nan Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo Rete Vijilan Fas ak Danje Tanpèt Twopikal Ernesto a

Release Date: Out 14, 2024

WASHINGTON -- Yè, Prezidan Joseph R. Biden te apwouve yon deklarasyon dijans pou Pòtoriko. Aksyon sa a otorize FEMA pou bay asistans pou sove lavi epi pwoteje pwopriyete, sante piblik ak sekirite.

Nan moman Tanpèt Twopikal Ernesto kontinye afekte Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo, FEMA ap ankouraje moun ki sou chemen tanpèt la pou yo rete an sekirite, swiv konsèy otorite lokal yo, epi prepare pou posib koupi kouran ki ka dire lontan.

Yo prevwa kondisyon Tanpèt Twopikal yo pou bò lès Pòtoriko, Culebra, Vieques, ak Zile Vyèj Ameriken yo jis rive aswè a. Sila yo ki sou chemen tanpèt la ka fè fas ak gwo van ak lapli ki ka lakòz inondasyon, sa ki ka fè yo bezwen evakye oswa jwenn sekou.

Rezidan ak vizitè yo ka fè fas koupi kouran ki ka dire lontan. Moun yo ta dwe evite vwayaje sof si yo resevwa lòd pou evakye epi kenbe pwovizyon ijans tankou lanp, pil, ak manje ki pa gate toupre yo. Fè envantè atik ou bezwen yo ki depann sou elektrisite epi planifye pou sous enèji altènatif tankou pil, yon chajè pòtab oswa yon bank alimantasyon. Anplis de sa, li enpòtan pou sere dlo pou bwè epi gen ase manje ki pap gate.

Priorite FEMA se sekirite ak byennèt tout moun ki sou chemen tanpèt la. Yon sant distribisyon FEMA ki twouve l nan Caguas, Pòtoriko, pare pou mobilize mwayen si sa nesesè. Pwovizyon adisyonèl yo prepare davans nan St. Thomas nan Zile Vyèj Ameriken yo. Pèsonèl FEMA, ki gen ladan l machin Sipòte Repons Ijans Mobil ak yon Ekip Chèchè ak Sekou Iben, deja nan Pòtoriko. Anplis de sa, yon Ekip Alimantasyon Tanporè nan Kò Jeni Militè Ameriken an ap deplwaye nan



FEMA

Page 1 of 3

Pòtoriko, epi Ekip Òganizasyon Repons Enèji Depatman Ameriken Enèji a ansanm ak lòt manm pèsonèl yo pare pou soutni efò rekiperasyon nan Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo, si sa nesèsè.

FEMA ankouraje moun ki sou chemen tanpèt la pou yo swiv konsèy sa yo pou yo rete an sekirite

Prepare w pou koupi kouran. Kenbe aparèy yo chaje otan ou gen kouran. Si kouran an koupe, itilize sèlman flach oswa lanp ki mache ak pil pou limyè ijans. PA JANM itilize balèn pandan blakawout oswa koupi kouran akòz gwo risk pou dife. Si w gen medikaman ki bezwen ale nan frijidè oswa ou konte sou ekipman medikal ki bezwen kouran, fè plan lamèn sou kote ou kapab ale rete an sekirite ak an sante. Etenn oswa dekonekte aparèy, ekipman oswa elektwonik. Pouvwa gendwa retounen ak vag momantane oswa pike ki ka lakòz domaj.

Teni kont de bezwen medikal ou yo. Pale ak founisè medikal ou sou yon plan koupi kouran pou aparèy medikal ki mache ak elektrisite ak medikaman ki dwe nan frijidè yo. Chache konnen konbyen tan medikaman yo ka estoke nan tanperati ki pi wo epi jwenn konsèy espesifik pou nenpòt medikaman ki enpòtan pou lavi.

Itilize jeneratè yo san danje. Toujou itilize jeneratè yo deyò epi omwen 20 pye de fenèt, pòt ak garaj ki atache yo. Asire w ou kenbe jeretris la seche epi pwoteje kont lapli ak inondasyon.

Kenbe manje an sekirite. Kenbe frizè ak frijidè fèmen, paske sa ap kenbe manje frèt nan yon frijidè pou apeprè kat èdtan. Yon frizè plen ap kenbe tanperati a pou apeprè 48 èdtan.

Gen yon plan. Konnen ki jan ou pral kenbe tèt ou, fanmi ou ak bèt kay ou an sekirite si yo prevwa inondasyon ak koupi kouran. Asire w ou pran an konsiderasyon bezwen espesyal fanmi ou, ki gen ladan nenpòt moun ki bezwen medikaman oswa ekipman medikal. Konnen kijan ou pral kontakte youn ak lòt epi rekonekte si ou pa ansanm lè inondasyon kòmanse. Vizite [Ready.gov](https://www.ready.gov) oswa [Listo.gov](https://www.fema.gov) nan lang Panyòl pou plis enfòmasyon sou fason pou w rete an sekirite anvan, pandan ak apre inondasyon.

Rete an sekirite pandan inondasyon. Pa mache, naje oswa kondwi nan dlo inondasyon yo paske li ka kontamine epi li gen debri danjere. Anplis de sa, fil



FEMA

Page 2 of 3

kouran anba tè oswa ki tonbe ka lakòz dlo a gen kouran. Fè Demi tou, Pa Nwaye! Sonje, sèlman 6 pous dlo k ap koule ka fè ou tonbe, epi yon pye dlo k ap koule ka bwote machin ou ale. Pa rete sou pon ki gen dlo k ap koule rapid. Pa janm kondwi alantou barikad yo. Entèvenan lokal yo itilize yo pou dirije trafik soti nan zòn ki inonde yo avèk sekirite.

Pare pou evakye. Twòp lapli ka lakòz dlo a monte rapidman oswa glisman teren, kidonk ou gendwa bezwen evakye san avètisman. Gen yon plan evakyasyon an plas epi evite vwayaj ki pa nesèsè, sitou sou wout ki ka vin inonde oswa domaje. Rezidan ak vizitè yo ta dwe peye atansyon sou ofisyèl lokal yo epi koute nenpòt konsèy, avètisman oswa enstriksyon kòm risk inondasyon ap kontinye nan jou k ap vini yo. Pou jwenn yonabri ki louvri, voye tèks mo SHELTER la ak kòd postal ou a nan 43362 pou chècheabri ki toupre w. Moun ki pale Panyòl yo ka voye tèks REFUGIO ak kòd postal yo nan 43362.

Kenbe dokiman enpòtan yo an sekirite. Gen dosye finansye ak medikal ou ak enfòmasyon kontak enpòtan ap esansyèl pou ede w kòmanse pwosesis rekiperasyon an rapidman. Kenbe dokiman enpòtan yo nan yon kontenè ki reziste a dlo sou yon etajè wo oswa nan yon nivo ki pi wo nan kay ou. Kreve kopi dijital ki pwoteje ak modpas epi deplase bagay ki gen anpil valè yo nan nivo ki pi wo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou rete an sekirite pandan ak aprè tanpèt la sou [Ready.gov](https://www.ready.gov) oswa [Listo.gov](https://www.listo.gov) nan lang Panyòl. Ou kapab tou [Telechaje Aplikasyon FEMA gratis](#) pou jwennabri ki louvri epi resevwa alèt pou jiska senk zòn.



FEMA

Page 3 of 3